

ASISTANS POU APLIKE

NYFA pran angajman pou sipòte atis nan chak domèn, ak nan tout etap nan karyè kreyatif yo. N ap egzòte atis koulè, atis LGBTQ+, atis imigran, ak atis ki gen andikap pou aplike.

Pou mande yon aranjman oswa asistans pandan w ap aplike, tanpri voye yon imèl bay CACGrants@nyfa.org. Nou egzije ke demann pou aranjman fèt pi vit ke posib anvan dat limit. Sik la pou pèmèt bon jan tan pou anplwaye yo sipòte kandida a anvan dat limit la.

Lòt opòtinite asistans teknik anplis pral disponib nan òganizasyon patnè nou yo nan jou kap vini yo.

POU APLIKE

Kandida yo pral bezwen bay:

- **Dokiman ki montre yo gen yon pratik atistik dirab:**

Dokiman an gendwa:

- **Yon CV oswa rezime atis ajou** ki site lis aktivite kreyatif ou yo (tanpri asire w ke dat yo site).

OSWA

- **Yon byografi atis tou kout ki genyen jiska 300 mo ki** dekri pratik ak reyalizasyon yo nan nenpòt ki lè nan 2 ane ki sot pase yo. Lè sa apwopriye, tanpri site dat ak adrès yo.

AK **youn** nan sa ki vini annapre yo:

- **Egzanp angajman piblik:** yon lyen laprès/nouvo atik ki soti nan nenpòt ki lè ant 2019 rive jodi a sou aktivite kreyatif atis la. Aktivite ta ka gen ladan, men yo pa limite a: ekspozisyon/montre piblikasyon laprès, ekspozisyon/montre revizyon atis la te patisipe, oswa materyèl pwomosyon yon ekspozisyon oswa montre lòt dokimantasyon ki pibliye pratik kreyatif atis la sou entènèt.
- **Dènnye echantiyon travay** ki te kreye nan entèval de dènnye ane yo, 2019 rive jodi a. Kandida yo pral chaje imaj, anrejistremant odyo, videyo klip tou kout, oswa maniskri PDF (ekstrè sèlman).
- **Referans:** Yon lèt refereans tou kout yon ansyen konsèvatè, pwodiktè, direktè literè, responsab edikasyon, oswa òganizatè atistik kominotè ki te travay ak atis la nan yon fonksyon kreyatif pandan twa dènnye ane yo. Lèt yo ta dwe siyen epi gen dat ak antèt oswa imèl ak adrès imèl ak dat la byen vizib.
- **Plan pwojè kreyatif angajman piblik Sibvansyon City Artist Corps la**
 - **Plan pwopozisyon angajman kreyatif lan gen 250 mo** sou aktivite w pwopoze a
 - **Dat Angajman w Pwopoze a**

- **Ki jan w anvizaje fè pwomosyon angajman w lan devan piblik la anjeneral?**

AK repons yon seri kesyon chwa miltip, k ap idantifye:

- Lokalite angajman kreyatif la
 - Estimasyon kantite atis ki pral angaje
 - Tip angajman
- **Dokimantasyon rezidans nan Vil Nouyòk:** Kandida a pral bezwen dokiman ofisyèl ki konfime li te rezidan Vil Nouyòk pandan mwa Oktòb, Novanm oswa Desanm 2020. Dokiman an dwe:
 - Ke se yon dokiman ofisyèl ki deklare non, dat ak adrès kandida nan Nouyòk;
 - Li gendwa, men pa sèlman limite ak: bòdwo sèvis piblik, deklarasyon labank oswa bòdwo, deklarasyon kat kredi, pyès Idantifikasyon gouvènman valab ki site adrès nan Vil Nouyòk nan mwa Oktòb, Novanm oswa Desanm 2020, kontra lwaye, pyès Idantifikasyon Vil Nouyòk ki te fèt nan OKT, NOV, oswa DES 2020, kontra kolokasyon, resi lwaye oswa prèv oswa lwaye, kontra estidyo oswa nenpòt lòt fòm dokiman ofisyèl ki site anvan an.
 - **Prèv laj:** Soumèt paspò oswa pyès Idantifikasyon eta a, ak pyès Idantite Vil Nouyòk

Nou ta dwe voye tout kesyon bay sou CACGrants@nyfa.org.